

**РОХС ЦИ ТАЛИНГÆ КЪУМТÆМÆ НÆ ХЪÆРТУЙ, САУÆНГÆ УОРДÆМÆ НИККÆСУЙ ЗУНД...**

***ИСОКРАТ**, недзаманти цæрæг бердзейнаг дзурддзæугæ лæг, уотæ финста: «Ка райевгъудæй, еци гъуддæгутæ нæ еугуремæн дæр зундгонд æнцæ, айдагъдæр сагъæс кæнунгъон адæймаги бон исуй уонæй афойнадæбæл хæрсæ исамал кæнун, раст балæдæрун æма лæдæрдæй син се ’цæг сæрфат раргом кæнун...»*


Цæун райдæдта 1993 анзи мартъий

0+

# Дигорæ

№31 (951) 2024 анзи 24 август – сухи мæйæ

Аргъ 1 туман


**РАФИНСЕТÆ ГАЗЕТ «ДИГОРÆ»**

2024 АНЗИ ДУККАГ ÆМБЕСÆН.
Æ РАФИНСУНИ АРГЪ АНЗИМБЕСÆН ÆЙ 368 СОМИ ÆМА 10 КЪАПЕККИ; УÆЛБАРТÆМÆ ГÆСГÆ БА – 324 СОМИ ÆМА 48 КЪАПЕККИ.

ГАЗЕТ «ДИГОРÆ» РАФИНСУН ÆНГЪЕЗУЙ «УÆРÆСЕЙ ПОЧТИ» ЕУГУР ХАЙÆДТИ ДÆР, УÆДТА ПОСТХÆСГУТÆМÆ.

**УÆРÆСЕЙ ФЕДЕРАЦИЙ ПРЕЗИДЕНТ ВЛАДИМИР ПУТИНИ БАЛЦИ ЦÆГАТ ИРИСТОНМÆ**

# «ЕЦИ ФУДБÆЛАХ ÆНОСТÆМÆ АСДЗÆГЪДДЗÆНÆЙ НÆ ЗÆРДИТИ...»





**Уæрæсей Федераций Президент Владимир Путин геуæргибони бабæрæг кодта Беслæн. Æма балций рæстæги тæккæ фиццагидæр бацудæй, 2004 анзи сентябри райдайæни террористтæ аци сахари ци скъола æд скъоладзаутæ æма сæ ниййергути, уæдта сæ ахургæнгути хæццæ байахæстонцæ, уордæмæ. Еци фудбæлах æрцудæй инсæй анзей размæ – фудгæнгути къуар æртæ боней дæргъи сæ амæттæгти хузи уорæдтонцæ 1200 адæймаги: сувæллæнтти, ниййергути, ахургæнгути. «Изæдти сахар» ке хонæн æма æнæгъæнæ дуйней дæр зундгонд ка ’й, еци уæлмæрдти æвæрд æнцæ, террористон фидбилизæрцуди ка бацарæфтуд æй, етæ.**

2


**СТАНЬ ЗАЩИТНИКОМ ОТЕЧЕСТВА!..**





**НÆ ГАЗЕТИ АБОНИККОН НОМЕРИ КÆСЕТÆ:**

## ФИДИБÆСТÆ ЦИТГИНГÆНÆГÆН – ÆНОСТÆМÆ КАДÆ!..

Советон доги нæ намусгиндæр зæнхикустгæнгутæй еу адтæй Боллоти Елхъани кизгæ Полий (1910-2004). Æ агъазиау фæллойнадон æскъуæлхтдзийнæдти туххæй ин аккаггонд æрцудæй берæ паддзахадон хуæрзеугутæ, уонæн сæ сæйрагдæр ба – Социалистон Фæллойни Бæгъатæри цитгин ном. Нæй иронх абони дæр – æрæги ин æ райгурæн гъæу Æхсæрисæри æвæрд æрцудæй æ бюст. Уой фæдбæл æрмæг кæсетæ 3-аг фарсбæл.

Нæ Фидибæсти тугъдон намуси анзфинсти æносонгонд цаутæй абони имисæн дууей. Фондз æма цуппаринсæй анзей размæ (1939 анзи майи-сентябри) Манголи Адæмон Республики зæнхитæмæ ка ’рбалæбурдта, Япониј еци Квантунаг æфсади æвзаргæдæр еугæндтæ цæугæдон Халхин-Голи фалдзости тугъдтити рæстæг ниддæрæн кодтонцæ советон-мангойлаг æфсæдтæ. Уой фæдбæл не ’рдхуард-еугæнæг бæсти адæм абони дæр ни боз æнцæ.

Советон Белорусси немуцаг-фашистон æрдонгтæй исуæгъдæ кæнуни нисанеуæгæй 1944 анзи 23 июни-29 августи арæзт æрцудæй советон æфсæдти стратегион размæмпурсæн операци «Багратион». Аци дууæ цауей туххæй æрмæгутæ кæсетæ 4-5-аг фæрстæбæл.

***ГÆДИАТИ Анетæ, организаци «Беслæни мадтæлти» æмсæрдар: «Владимир Путини хæццæ нæ фембæлд адтæй дæргъвæтийнæ, бантæстæй нин, ци берæ фарстатæ нæмæ адтæй, уони имæ еугурæйдæр раттун. Сæ сæйрагдæртæй еу – гъæуама бæлвурдгонд æрцæуа, еци террористон фудракæндæ цæй æма ке фудæй æрцудæй æма фудгин ка ’й, номхигъдæй гъæуама дзуапп ка ратта...»***





# «ЕЦИ ФУДБÆЛАХ ÆНОСТÆМÆ АСДЗÆГЪДДЗÆНÆЙ НÆ ЗÆРДИТИ...»

1

Еци уæлмæрдтæ бабæрæг кæнгæй, В. Путин деденгутæ байвардта, уоми сæ номбæл «Хъонци бæласæ», зæгъгæ, ци циртдзæвæн æвæрд ес, уобæл, уæдта амæнæти бахауæг адæм ервæзун кæнгæй, сæрмагонд æфсæддон операций архайгæй ка фæммард æй, еци æфсæддонти мемориалбæл дæр.

Владимир Путин «Хъонци бæласи» рази æ уæргутæбæл æрлæудтæй, æхебæл дзиуæрттæ бафтудта æма деденгутæ æрæвардта бронзæй арæзт циртдзæвæни рæбун.

Террористон фудбæлах 2004 анзи Беслæни ци фиццаг скъолай арæзт æрцудæй, уой В.Путин фиццаг хатт бабæрæг кодта еци анз азари тæккæ хуæдфæсте. Уæди террористон акти фæммард æй 334 адæймаги. Нуртæккæ скъолайæй исаразтонцæ мемориалон комплекс. Ахæст адæми фудгæнгутæ кæми дардтонцæ, еци спортивон зал байзадæй æ уæдиккон хузи. Уæрæсей Президент бацудæй уордæмæ медæмæ, хъонцгæнгæй фæккастæй, фæрстæбæл ци къартæ æвæрд ес, уонæмæ.

Рахесфарси районы Сæргълæууæг **Фрати Сослан** бæлвурдæй фæххабæрттæ кодта В.Путинæн, уæди цаути туххæй, уæдта нæ дзиллæ абони дæр ке нæ иронх кæнунцæ, еци лæгмарти къохæй ка фæммард æй, уони фæйййервæзун кæнунбæл æ цард ка равардта, еци ахургæнгутæ æма афицерти туххæй. Ами дæр В.Путин деденгутæ байвардта, азгъунсти астæу гъæдæй конд дзиуари хузæн, ци циртдзæвæнгонд æвæрд æй, уой рæбун, уæдта æхебæл дзиуарæ бафтаугæй, исасугъта мудадзин цирагъ.

Аци анз сентябри инсæй анзи исæнхæст уодзæнæй еци фидбилизæрцудбæл. Сахар еунæг усмæ дæр нæ иронх кæнуй зингхуст адæми рохс нæмттæ. Фал цард цард æй æма, кæд хъæбæр æгæрон зин æй еци æверхъаудзийнадæ феронх кæнун, уæддæр цардæгæсти ба цæрун гъæуй, цæмæй уонцæ рохсаггæгти ка имисдзæнæй, æма син сæ рохс нæмттæ æностæмæ ка цитгин кæндзæнæй, уæхæн цардгъон фæлтæртæ. Цард гъæуама идарддæр ирæза… Æма ’й уинæн – ирæзунцæ нæуæг фæлтæртæ, уонæн арæзт цæуй нæуæг ахурадон уагæдæнттæ, цæмæй сæ ирисхъæ амондгундæр уа, уомæн аллихузон зæрдæмæдзæугæ равгитæ. В.Путин бабæрæг кодта, 2022 анзи Беслæни ци нæуæг ахурадон центр «Альтаир» байгон æй, еци комплекс дæр. Ами ес аллихузон къуæртти архайунæн фадуæттæ зæрдæргъæвд кæстæртæн, инженерон-техникон, наукон æма аййевадон кружоктæ. Проектмæ гæсгæ ами арæзт æрцудæнцæ æригон техниктæ æма æрдзæртасæг станцитæ, лабораторитæ, медицинон пункт æма буфеттæ.

* * *

Уой фæсте В.Путин фембалдæй, террористон акти рæстæг сæ сувæллæнттæ кæмæн бастъалдæнцæ, еци ниййергути ассоциаци «Беслæни мадтæлтæ»-йи иуонгти хæццæ, зæрдристæй син рахъонц кодта.

– Еци фидбилизæрцуд уæрæсейæгти зæрдити, æнæмæнгæ, байзайдзæнæй, байгасгæнæн кæмæн нæййес, уæхæн ресагæ гъæнтæй Уæрæсей историон имисæни, – загъта Уæрæсей Президент. – Сумахæн ба еци фудракæнди æгæрон уæззаудæр бæлах кæбæл æрцудæй, адæймагæн царди тæккæ хъазардæр ци ес, е æй бæдолæ æма етæ кæмæн бастъалдæнцæ, уонæн е цæргæцæрæнбæнтти дæр тогдзудæй æнæисусгæ цæф æй.

– Беслæнмæ ци терористтæ ’рбалæбурдтонцæ, етæ политикон, финансон æма тугъдон агъаз истонцæ фæсарæнтæй, – загъта Президент. – Уони адæм исхонæн дæр нæййес, уомæн æма адæймагмæ е ’рдзон искондæй ци хуæрзуоди конди менеугутæ ес, уонæй сæмæ æгириддæр неци ес. Ес сæмæ айдагъдæр сæхецæн пайдахæссæг монцтæ. Уомæн бæлвурд æвдесæн æнцæ нуртæккæ дуйней, уæлдайдæр ба нæ фидибæсти алфамбулай ци цаутæ цæунцæ, етæ дæр.

Уобæл дзорæг æнцæ Донбасси, Курский облæсти не ’знæгтæ ци фудмиутæ аразунцæ адæмæн, етæ дæр. Фал сæ мах, æнæмæнгæ, раргом кæндзинан æма барæ-æнæбари дæр гъæугæ дзуапп ратдзæнæнцæ сæ еци миути туххæй. Е æгириддæр секкаг макæмæ кæсæд.

* * *

Уæрæсей Федераций Президент Владимир Путинæн æма Цæгат Иристони Сæргълæууæг Сергей Меняйлойæн хецæнæй ци фембæлд адтæй, уоми æрдзубанди кодтонцæ нæ республики социалон-экономикон уавæри æма æ идарддæри æнтæстгиндæр райрæзти хæццæ баст фарстатæбæл.

Фембæлди рæстæг Владимир Путин Сергей Меняйлойæн бафæдзахста Беслæни террористон фудбæлахи фæдбæл арæзт уголовон гъуддаги фæдæвзарæнмæ иудадзуг æ цæстæ дарун.

– Æма уголовон гъуддаг куд æвзурст цæуй, уой, æнæмæнгæ, исбæлвурд кæнетæ. Абонимæ хæццæ æмдзубандигæнгутæ ци дзурдтонцæ, уомæ дæр уæ гъос æрдаретæ, цæмæй æз прокуратурæ æма Слестгæнæн комитетæн гъæугæ амундтитæ раттон, – фæббæлвурд кодта Уæрæсей Федераций Президент.

Уæхæн фæдзæхст Владимир Путин искодта, террористон фудбæлæхти амæттæгти Ассоциаци «Беслæни мадтæлтæ»-йи минæвæртти хæццæ фембæлди фæсте.

Паддзахади Сæргълæууæг ма бафарста Цæгат Иристони рæвдауæндæнтти бундорон райарæзти программæ куд æнхæстгонд цæуй, уомæй.

– Программæ æ гæнæнтæ æма равгитæмæ гæсгæ гъæугæ хузи æнхæст кæнæн, – адтæй Сергей Меняйлой дзуапп. – Раздæр ма дин æй фегъосун кодтон, скъолатæ бундоронæй исцалцæг кæнунæн Уæрæсей регионтæй фулдæр фæрæзнитæ дехгонд кæмæн æрцудæй, уони хигъди мах ан фæндзæймаг бунати. Нуртæккæ курдиæттæ цæттæ кæнæн, цалцæг гъæуагæ ка ’й, еци рæвдауæндæнтти туххæй. Нуриуæнгæ бал балæвардтан еуæндæс æма дууинсæй рæвдауæндони цалцæги туххæй курдиæттæ. Нæ еугур курдиæттæ дæр ист æрцудæнцæ, Уæрæсей рохсади министрадæ æма федералон æнхæстгæнæг иннæ оргæнти хæццæ дæр нæ кæрæдзей лæдæрæн, не ’хсæн ес æмгустадæ. Нуртæккæ нæ курдиæттæмæ еумæйагæй каст цæуй.

## АХСГИАГ ЦАУТИ ФÆДБÆЛ ЗÆГЪУЙНÆГТÆ

### СЕРГЕЙ МЕНЯЙЛО, ЦÆГАТ ИРИСТОНИ СÆРГЪЛÆУУÆГ:



– Уæрæсей Президент Владимир Путин Цæгат Иристон ке бабæрæг кодта, е берæ цæбæлдæрти дзорæг æй. Фиццагидæр, е уой æвдесæн æй, æма цæйбæрцæбæл устур æргом æздахуй зæрдрист Беслæнмæ, уæдта æнæгъæнæй нæ республикæмæ дæр. Иронхуати нæ изайунцæ, 2004 анзи сентябри Беслæни ци æверхъаудзийнадæ ’рцудæй, е, æма уой фæстеугути хæццæ баст фарстатæ.

Инсæй анзи рацудæй уæдæй абони уæнгæ, фал нерæнгæ дæр ма сæ кæстæртæ уæди бæлахи кæмæн бастъалдæнцæ, еци нийййергути зæрдити гъæдгинтæ нæма бадзæбæх æнцæ. Еци цаутæ цæмæй адæмæй макæддæр феронх уонцæ, е æй В.Путини куд нæ бæсти Сæргълæууæг, айдагъ уотæ нæ, фал куд Адæймаг, уотæ дæр æ зæрдиаг фæндæ. Еугур мадзæлттæй дæр архайуй, цæмæй еци уæззау зинтæ ка бавзурста, уони уодти рист фенцондæр уа, уобæл.

– Е ’рбацуди сæр дæр е адтæй. Нæхе цæститæй фæууидтан, В.Путин «Хъонци бæласи» рази æ уæргутæбæл куд æрлæудтæй, еци нивтæ. Етæ æнæгъæнæ дуйнебæл дæр рапарахат æнцæ. Мæхуæдæг æвдесæн дæн, куд зæрдтагонæй æма кæдзос цæсгонæй дзубанди кодта комитет «Беслæни мадтæлтæ»-йи иуонгти хæццæ, уомæн дæр.





Хуцаубони, 25 августи Уæрæсей бæрæггонд цæудзæнæй шахтери Бон. Зæрдиагæй арфæ кæнæн аци къабази раздæр ка куста æма ма имæ абони барæ ка даруй, уонæн еугуремæн дæр!..

*Цæгат Иристони Хецауади Сæрдари хуæдæййевæг ПЛАТИ Альбини загъдмæ гæсгæ, нæ республики харзæй Уæрæсей æндæр регионти ка ахур кæнуй, уонæн 2025 анзи сæ стипендити бæрцæ уодзæнæй 2,5 мин соми мæйæмæ. Е æй аци анзи стипендийæй 400 соми фулдæр. Уой хæццæ, уæлæнхасæн ахурадон лæггæдтæн анз еу хатт есдзæнæнцæ фондз мин соми.*





БОЛЛОТИ Полий ахид фембæлидæ кæстæрти хæццæ, зæрдиагæй фæхxабæрттæ кæниуонцæ еумæ.

# АРФИАГÆЙ ÆЙ ИМИСУНЦÆ ГЪÆУБÆСТÆ

Æ рæстæги Иристони зундгонддæр силгоймæгтæй еу адтæй Боллоти Полий. Комкоммæ дæр æй хъæбæр беретæ зудтонцæ, уой хæццæ ба ма ин æ кой ка нæ фегъуста, æ номæй æй ка нæ зудта, уæхæн адæймаг нæхемæ дæр æма синхаг республикити дæр, æвæдзи, ефстæгтæй уæлдай нæ разиндтайдæ. Уомæн æма айдагъ Ирæфи райони нæ, фал æнæгъæнæ Цæгат Кавкази дæр фæллойнæгæнæг силгоймæгтæй тæккæ фиццагдæр Полийæн лæвæрд æрцудæй Социалистон Бæгъатæри ном. Æхсирф æма дзæбокæ ибæл, еци Сугъзæрийнæ майдан, уæдта Ленини орден Советон Цæдеси нимад адтæнцæ тæккæ уæлиаудæр æма кадгиндæр хуæрзеугутæбæл. Лæвæрд ба цудæнцæ, социалистон ериси тæккæ бæрзонддæр æскъуæлхтдзийнæдтæ æ къохи кæмæн бафтуйидæ, еци фæллойнæгæнгутæн.

1945 анз… Тугъди уæззау гъæнтæ нæ зæнхи реубæл æнхæстдæр нæма бадзæбæх æнцæ, нерæнгæ ма æ тогæйдзаг гъæдгинтæй нæ адæми тог лæдæрсгæ кодта, сæ фурзæрдристæй сæ кеми дæр нæма ’рцудæнцæ, уотемæй ба сæбæл фæд-фæди дууæ хатти æстонг æнзтæ никкодта. Фал цæрунмæ ка райгура, уомæн æнæ ести мадзæлттæ кæнæн нæ фæууй.

Æма дзиллæ æмхузонæй бавналдтонцæ нæ бæсти пурхæгонд уавæртæ фæстæмæ исцардгъон кæнунмæ. Цæмæй промышленнон кустуæттæ æнхæст хъауритæй нæуæгæй æркустайуонцæ, уой туххæй ба бал фиццагидæр æ къæхтæбæл ислæуун кæнун гъудæй гъæууон хæдзарадæ. Æма уой туххæй еугур гъæууон рауæнти дæр рапарахат æй хъазауатон фæллойнæ.

Боллоти Елхъани кизгæ Полийбæл дæр, тугъд кæд æ бауæрбæл нæ, уæддæр ин æ зæрдæбæл ба ниууагъта арф ностæ. Берæ сæрæнигурд фæсевæд Боллоти муггагæй сæ цард иснивонд кодтонцæ нæ Райгурæн бæсти сæрбæлтау цъамар знаги дзæмбутæй исуæгъдæ кæнунбæл. Уони хæццæ ба Полийæн æ хъæбæр хеуонтæ дæр. Тугъди будурæй нæбал исæздахтæй æ цардæмбал Бетанти Мæхæмæт дæр. Дууæ æнагъон сувæллоней хæццæ æригон силгоймаг райзадæй седзæргæсæй, иннæ мингай мадтæлти хузæн гъезæмарæ кæнгæй.

Æстонг æнзти адæм цитæ бавзурстонцæ æма кутемæйти ервазтæнцæ, уобæл нæ дзордзинан, мах, фæстугъди фæлтæртæ еци зин догæ не ’рæййафтан, фал нæ хестæртæй уой фæдбæл ци дзубандитæ игъосианæ, уони ба нæ зæрдæбæл бадардтан.

Сæ хуæздæр хуæруйнаг уидæ дзиликъу, пуруса, хъæсхъæсагæ, фотæг, цъæхулатæ фунхæй, картоф, месин, сулу æма хурхæ нартихуари кæрдзини хæццæ. Паддзахадæ е ’нæбондзийнадæй адæмбæл берæ аллихузон хъалонтæ æрæвардта, æма сæ етæ дæр, дæ бон уа, нæ уа, уæддæр фистонцæ, ци сæмæ фæззиннидæ, уомæй – царв, цихт, æйкитæ.

Уæдмæ ралæудтæй 1948 анз. Полий цардæй æма куста Æхсæрисæри. Гъæуи колхоз имонауæй хундтæй «Революци». Боллоти Полийбæл уæд æдеугурæй цудæй æвддæс æма инсæй анзи. Æхецæй кæстæр æма æхе кари силгоймæгтæй хецæн звено исаразта æма колхози æмбурди адæми рази дзурд равардта, кæд уæди размæ нартихуари гектарæй тиллæг дæс æма инсæй центнери истонцæ, уæд е ба сæ звеной хæццæ 60 центнери ке æрзайун кæндзæнæй нартихуар, уобæл.

Æма, æхсæвæ-бон нæ зонгæй, дусфæлдæхтæй, уодуæлдайæй хъиамæт кæнгæй, фæззæги сæ къохи бафтудæй, сæ нисан ци адтæй, уомæй ма никки фулдæр – дæс æма æртинсæй центнери еу гектарæй тиллæг исесун. Фæсæстонг æнзти е хъæбæр устур æнтæст адтæй. Уæхæн устур æскъуæлхтдзийнæдтæ ма бафтудæй Иристони иннæ хæдзарæдти фæллойнæгæнгути къохти дæр. Беретæ си хуарзæнхæгонд æрцудæнцæ аллихузон паддзахадон хуæрзеугутæй, Боллоти Полийæн ба райгурæн бæстæ исаккаг кодта Социалистон Фæллойни Бæгъатæри цитгин ном.

Полий уой фæсте дæр еунæг бон дæр æнцад не ’рбадтæй. Уæдта, æвæдзи, æ бон бадун дæр не ’ссайдæ куствæлтæрд силгоймагæн. Хуаллæгтæ цæттæгæнæн кустити рæстæгути дæр Полий нæлгоймæгти æмрæнгъæ карста хуасæ. Синхæнттæ адтан æма абони дæр ма гъуди кæнун Полийи устур цæвæг, мæ цæститæбæл уайунцæ æ гъоцитæ, æ уæрикkитæ, æ куй, æ тикис.

Полий кæд æма æнахургонд силгоймаг адтæй, уæддæр царди фæззелæнти ба фæлтæрд, æхсист, уой ахургонддзийнадæ беретæй зингæ бæрзонддæр исæвæрун æнгъизтæй – адтæй хуæрзæгъдаугин æма цæстуарзон адæймаг. Уæлдай æхцулдæр ба уидæ кæстæр кари сувæллæнттæбæл.

Æндæр еске уой бунати устур до-



СОСКЪИТИ Владимир (рахесæрдигæй) æма ДЗИДЗОЙТИ Тасолтан.

мæнтæ æвардтайдæ хецаудзийнади рази, фал Полиймæ ба царди «уæлдай дзæбæхдзийнæдтæ» цæстиварди некæд адтæнцæ, нæдæр сæмæ хицæ кодта, нæдæр сæ æхецæн домгæ кодта.

Раст зæгъун гъæуй, евгъуд æноси 70-аг æнзти Æхсæрисæр Чиколай Ленини номбæл колхозбæл баст ку адтæй, уæд ин хæдзаради правлений унаффæмæ гæсгæ æхе цæрæнти агоридорæй амад нæуæг хæдзарæ исаразтонцæ. Уой дæр еци цæрæн арæзт æрцудæй æхе сахъаралийæй конд хæдзари фарс ку ракалдæй, айдагъдæр уой фæсте.

Ахид имæ цудæнцæ нæ республики газеттæ æма телеуинунади уацхæсгутæ æма алкæддæр гъенцъунзæрдæй ранæхстæр уиуонцæ фæстæмæ, æ мæгур æма æгудзæг уавæртæ ин фæууингæй. Сауæнгæ ма, æ пенси, куд ин æнгъизтæй, уотæ цæмæй фæффулдæр адтайдæ, уобæл дæр ин базелæг нæ фæцæй. Нецæмæй æй уоййасæбæл исбоц кæниуонцæ, æхе бон куд адтæй, уотæ æхе хъауритæй дардта æ хæдзарæ, æ фонс, зилдæй æ дзæхæра æма рæзбунмæ. Сауæнгæ æ зæронди уæнгæ дæр æ къох некæд ракъуæрдта кустбæл.

Нæ рагфидтæлтæй нин байзадæй мæнæ ауæхæн загъд: «Æрæгиауи хуарзæнхæ дæр – хуарзæнхæ æй!..» – уотæ зæгъуй адæмон æмбесонд.

Дзæвгарæ æнзтæ рацудæй, кæдæй Полий не ’хсæн нæбал æй, уæдæй. Хуæрзæрæги ба гъæубæстæбæл æрцудæй, еугуремæн дæр æхцæуæн ка иссæй, уæхæн цау – Боллоти Полий ци гъæуи фæццардæй, уоми культури Хæдзари тургъи æ номбæл æвæрд æрцудæй бюст. Аци арфиаг гъуддаг исаразунбæл байархайдта гъæуи администраций сæргълæууæг Дзидзойти Тасолтан. Æригон угæй, Тасолтан нерæнги бал берæ хуæрзти бацудæй æ уарзон гъæубæстæн – гъæуи сæргъи ку нæма ’рлæудтæй, уæддæр. Адæмæй ба неци иронх кæнуй, сæ цæстæ дæр мадта уинагæ ’й. Уомæ гæсгæ ’й исæвзурстонцæ сæ сæргълæууæгæй.

– Раги адтæй мæ зæрди Боллоти Полийи ном исæносон кæнун, фал нæдæр мæхе равгитæ, нæдæр ба администраций уавæртæ нæ амудтонцæ еци устур гъуддаг исæнхæст кæнун. Æма мæхе бахадтон зундгонд амалгъон адæймаг Боллоти Тайморазмæ. Уой зæрдæмæ хъæбæр фæццудæй мæ фæндæ æма ’й хуарзбæл банимадта.

Полийæн бюст исаразуни ихæс ба æхемæ райста, æнæгъæнæ дуйней дæр зундгонд ка ’й, еци скульптор Соскъити Валоди.

Берæ хъиамæт ибæл багъудæй, берæ рæстæг, фал Валоди уæхæн лæг æй æма еугурдæр æхемæ ести ихæс райста, уæд æй æнæ исæнхæстгæнгæ нæ ниууадздзæнæй, – зæгъуй Тасолтан.

Гъæубæстæ æнæгъæнæйдæр устур цæмæдесагæй æнгъæлмæ кастæнцæ аци цауи æрцудмæ.

Æма мæнæ æрхъæрттæй еци номерæни рæстæг. Уой фæдбæл арæзт цитгин мадзал байгон кодта Æхсæрисæри астæуккаг скъолай нæ маддæлон æвзаг æма литератури ахургæнæг Катаути-Дзоблати Виктори кизгæ Татьянæ. Бюст байгон кæнуни барæ ба лæвæрд æрцудæй Ирæфи райони администраций сæргълæууæг Хамихъоти Роберт, гъæуи администраций хецау Дзидзойти Тасолтан æма Полийи фурти фурт Бетанти Аркадийæн.

Æмбæрзæн байгон æй æма адæми цæстити рази æристадæй Полийи æнæмæлгæ сорæт. Скульптор Соскъити Валоди æй исаразта, кæддæр зæнхикустгæнæг звеной æригон разамонæг уогæй, ци хузи æма кари адтæй, раст гъе уотемæй.

Æмбурди сæ гъудитæ æма арфи зæгъуйнæгтæ загътонцæ Æхсæрисæри дзурддзæугæдæр лæгтæй еу, историк Тауитти Таймораз, райони сæргълæууæг Хамихъоти Роберт, райони Нихæси сæрдар Хуасдзаути Тазæрет, райони ветеранти Совети сæрдар, болкъон Бетрозти Майрæн, Дзидзойти Тасолтан, скульптор Соскъити Валоди, Колити Витали æма иннетæ. Боллоти муггаги номæй ба мадзали архайæг дзиллæн зæрдибун арфитæ ракодта Боллоти Батраз.

Уой фæсте райони культури Галауани зартæгæнгути къуар разардтонцæ Малити Геуæргий æмдзæвгæ «Федог»-и дзурдтæбæл арæзт зар.

Фæцæй æмбурд, фал адæми ба сæ къæхтæ нæ хастонцæ Полийи бюсти разæй, алкедæр фæндадтæй уой фарсмæ æ къарæ исесун. Полий ба лæудтæй æнæдзоргæй æма адæми сæрти фæлмæн цæстингасæй кастæй, æ уодæй фулдæр ци гъæу уарзта, æ номæй ма абони дæр сæрустур ка ’й, æ еци гъæубæстæмæ.

***КОЛИТИ Витали***

**Геуæргибони, 27 августи бæрæггонд цæудзæнæй уæрæсейаг киной Бон. Зæрдиагæй арфæ кæнæн Цæгат Иристони аци аййевадон къабази еугур архайгутæн дæр.**

***Советон Цæдеси гъæуайкæнуйнади Адæмон комиссар К.Е.Ворошилов 1939 анзи 7 ноябри бардзурди загъд адтæй: «Æцæг кадæй сæхецæн устур ном искодтонцæ æфсæддонтæ æма командиртæ – цæугæдон Халхин-Голи фалдзости тугъдтити архайгутæ. Се 'хсарæ æма бæгъатæрдзийнади, тугъдон бардзурдтæ æнтæстгинæй æнхæст кæнуни туххæй, еци тугъдтити архайæг æфсæдтæ 'нцæ тæккæ агъазиаудæр арфити аккаг...»***


Советон æфсæддонтæ япойнаг æрдонгтæ Халхин-Голи тугъди ниддæрæн кæнуни фæсте. Астæуæй – номдзуд Георгий ЖУКОВ.

# «ЕУЗÆРДИУОНÆЙ АЛКÆДДÆР КÆРÆДЗЕБÆЛ УОДЗИНАН ÆХЦУЛ!..»

Цæугæдон Халхин-Голи фалдзос 1939 анзи ци тугъдтитæ рацудæй, уони кой рæстæгæй-рæстæгмæ кæд ракæнунцæ, уæддæр, куд æнгъезуй, уотæ цитгингонд ба æнхæстæй цæмæдæр гæсгæ не 'рцæуунцæ. Уотемæй ба уони ахедундзийнадæ дæр зингæ агъазиау æй. Япойнаг тогмондаг æрдонгтæ 1939 анзи уалдзæги гадзирахаттæй Манголимæ ку 'рбалæбурдтонцæ, уæд сæ нихмæ истох кодтонцæ советон-мангойлаг æфсæддон хæйттæ. Тугъдтитæ райдæдтонцæ 1939 анзи, 11 майæй ба еци анзи августи кæрони уæнгæ – япойнаг æрбалæборгутæ бустæги дæрæнгонд æрцудæнцæ, ка ма си фæййервастæй, уони ба фендæдуар кодтонцæ, ци мангойлаг зæнхитиæ байахæссуйнаг адтæнцæ, уордигæй. Раст зæгъгæй, Япони æ фæххуæрди туххæй федуди бадзурд бафинста фæстæдæр, 16 сентябри. Уогæ уотемæй дæр бæрæг адтæй, Япони уоййасæбæл сæрустур кæмæй адтæй, æ еци Квантунаг æфсади æвзаргæдæр еугæндтæ куд æгадæ дæрæнгонд æрцудæнцæ, æма уой фудæй ба æ геополитикон уавæртæ куд фæккиуддæр æнцæ. Уонæн сæ еугурей туххæй парахаттæй рахабæрттæ кæнуни равгæ нин  нæййес, фал уой ба зæгъдзинæн, æма историктæ куд зæгъунцæ, уотемæй æ еци фæххуæрди фудæй Япони, кæд си Гитлер хъæбæр тингунæй агурдта, уæддæр æ нифс нæ бахаста Советон Цæдеси нихмæ тугъдон архайдтитæ райдайунмæ. Кæд нæ бæсти арæнтæмæ берæ æфсæдтæ дардта, уæддæр…

Цæугæдон Халхин-Голи фалдзос тугъдтити архайгутæн етæ иссæнцæ сæ цæргæ-цæрæнбæнтти имисуйнаг. Рæстæгæй-рæстæгмæ хецæн къуæрттæй бабæрæг кæниуонцæ Манголи, япойнаг æрбалæборгути кæми дæрæн кодтонцæ, еци рауæнтæ, номерæн мемориалтæ, кæцитæ, нæкæси, уоми берæ 'нцæ, хуæрзгъудгондæй, зæрдæхцæуæнæй фембæлиуонцæ сæ мангойлаг æмтохгæнгути хæццæ. Еу уæхæн цауи туххæй зундгонд советон журналист **Г. Харченко** кæддæр ци уац ниффинста, уой абони мах дæр мухур кæнæн.

* * *

Тугъди советон æма мангойлаг ветеранти къуари хæццæ мах хуæдтæхæгбæл рабалци кодтон Манголий сæйраг сахар Улан-Баторæй. Дууæ сахаттей фæсте бахъæрттан Халхин-Голи цæугæдони дæлвæзæмæ. Аллирдигæй бор-борид дарунцæ будуртæ, зæнхæ ниссор æй, рагæй си нæ адтæй уарунтæ. Айдагъдæр цæугæдон æнцадгай ивулуй бæрзонд цъæх къотæрти 'хсæнти. Уомæн æ дæллаг билтæбæл цæуй арæн.

Халхин-Голи райони центрæй автобуси рандæ ан кæддæр япойнаг æрбалæборæг æрдонгти нихмæ тугъдтитæ кæми цудæнцæ, уордæмæ. Зæнхæбæл нур дæр ма бæрæг дарунцæ еци карз тугъдтити фæдтæ: зиннунцæ æмбесмæ сикъитæй ка байдзаг æй, еци акъоппитæ æма траншейитæ, синдзгун, изгæ тели тухтитæ, кæ нийййизгæ 'й, знаги еци пурхæгонд танкитæ.

Автобуси нæ хæццæ 'нцæ Советон Цæдеси Бæгъатæртæ, болкъонтæ Григорий Борисенко æма Александр Котцов. Етæ лæмбунæг кæсунцæ фæйнердигæй будуртæмæ.  Ести нæуæг хъулфад кенæ хæрдæ ку рауинунцæ, уæд сæ зæрдæбæл æрбалæуунцæ евгъуд бæнттæ. Уонæн ами зундгонд æй алцидæр: Григорий Якови фурт командир, Александр Василий фурт ба комиссар кæми адтæй, еци батальон карз  тох кодта япойнæгти нихмæ. Æма нур ветерантæн ами алцидæр сæ зæрдæбæл æрлæуун кæнуй уæди тугъдтити хабæрттæ æма цаутæ, советон æма мангойлаг æфсæддонти æма командирти æскъуæлхтдзийнæдтæ.

Нæ фарсмæ – Дугаржав, æ уæле национ дарæс – «дел». Дугаржав адтæй бæхгин полкки командир. Æ реубæл мангойлаг Сурх Турусай æма Поларон стъалуй ордентæ, уони фарсмæ ба – советон Сурх Стъалуй орден. Нæ иннæ æмбæлццон Амгалан ба уæд адтæй Манголи Адæмон Республики Гæрзефтонг тухти æфсæддон. Уой реубæл дæр ес цалдæр ордени æма майдани. Ветерантæ кæрæдземæн дзорунцæ сæ имисуйнæгтæ.

Мæ фарсмæ свердловскаг тугъдон лæг, Советон Цæдеси Бæгъатæр П.Е. Пономарев. Халхин-Голи тугъдтити рæстæг Павел Елизари фурт адтæй кæстæр сержант. Æма уæд ци æскъуæлхтдзийнадæ равдиста, уой туххæй финстонцæ еугур газеттæ дæр: еунæгæй ниппурхæ кодта, æ алливарс ибæл ци инсæй знаги æртухстæнцæ, уони.

Бацудан, бæрзонд туппурбæл ци бæрзонд стеллæ лæууй,  уой размæ. Пьедесталбæл – танк. Е æй циртдзæвæн М.И. Яковлеви бригади тугъдонтæн. Ами цудæй уæлдай карздæр тугъдтитæ. Уомæн æвдесæн æнцæ, билгæронæй Халхин-Голмæ ци æгæрон берæ пурхæгонд япойнаг дзармадзантæ æма танкитæ гæлст æрцудæнцæ, етæ.

Автобустæ сабургай бацудæнцæ номерæн уæлмæрдти размæ. Ами æвæрд æнцæ, уæди карз тугъдтити бæгъатæрæй ка фæммард æй, нæ еци æхсæрдæс æма цуппаринсæй тугъдони. Бæрзонд еумæйаг циртдзæвæнтæ. Танкисттæ кæми æвæрд æнцæ, уоми танки мæсуг, артиллеристтæ кæми æвæрд æнцæ, уоми дзармадзани ревæд гилдзитæ кæрæдзебæл амадæй. Фестæг æфсæддонти æнсувæрон циртбæл – æфсæйнаг стеллæ. Ветерантæ хъонцгæнгæй нигъгъос æнцæ...

Аразгутæ байархайдтонцæ ами Уæрæсей къум исаразунбæл. Циртити алливарс нийййаразтонцæ бæрзæ æма сосгъæдæ бæлæстæ, деденгутæ. Етæ еугурæйдæр ласт æрцудæнцæ, æвæрд си ци тугъдонтæ 'нцæ, уони райгурæн рауæнтæй. Мангойлаг адæм арфиагæй сæ зæрдæбæл дарунцæ, сæ сæребарæдзийнади сæрбæлтау ка фæммард æй, сæ еци Советон æнсувæрти рохс нæмттæ.

Нæуæгæй бабæй ранæхстæр ан нæ идарддæри надбæл, æма бабæй нади дууердигæй – номдзуд тугъд кæми цудæй, еци будуртæ. Дзубанди фæстагмæ рахизтæй абони гъуддæгутæмæ.

Манголи Адæмон Республики Фæллойни Бæгъатæр, фиййау Цэнд ардæмæ 'рбацудæй Астæуккаг Гобий аймакæй. Е дæр архайдта Халхин-Голи тугъдтити. Цэнд нин хабæрттæ кæнуй, фонсдаруни кусти сæ къохи ци æнтæстдзийнæдтæ бафтудæй, уони туххæй. Гъæууонхæдзарадон еугонд «Хъæбæр хуарз цард»-и æртинсæйанздзуд фиййау З. Жаморан ба нин радзурдта, фусвонс даруни кусти æ гъæздуг фæлтæрддзийнадæ æригон араттæн куд амонуй, уой туххæй.

Дзурди барæ æхемæ райста гъæууонхæдзарадон еугонд «Уæлахез»-и æригон (цæуй ибæл æхсæрдæс æма инсæй анзи) сæрдар З. Бирманготов. Разамунд ци устур хæдзарадæн дæттуй, е æй минкъий æндæдæр, тугъдтитæ кæми цудæнцæ, еци зæнхитæбæл.

Еци гъæууонхæдзарадон еугонд арæзт æрцудæй, тугъдтитæ ку райдæдтонцæ, уомæй мæйæ раздæр. Уæд е адтæй лæмæгъ хæдзарадæ, байеу си 'нцæ, нæдæр гъæууонхæдзарадон техникæ, нæдæр машинттæ кæмæ нæ адтæй, уæхæн мæгур хæдзарæдтæ. Нури кустуат ци зæнхитæ ахæссуй, е æй цуппар мин квадратон километри. Цæруй 1500 адæймаги. Ци фонс сæмæ ес, уойбæрцæ 'й 65 мини. Уонæн се 'мбесæй фулдæр æнцæ фустæ. Æновудæй косунцæ фонси муггаг фæххуæздæр кæнунбæл, гъæугæ хуаллæгтæ цæттæ кæнунбæл. Аразунцæ фонсдарæн бæзгæ бунæттæ. Гъæууонхæдзарадон еугонди сæйраг зоотехник Чулуни къохи бафтудæй фиццаг æнтæстдзийнæдтæ: е 'ргъауи ци æртигайанздзуд дугæрдгутæ ес, уонæн сæ уæзæ рæстæмбес нимадæй æй фæйнæ 310 килограмми. Уогæ 'нцæ фид ка дæттуй, уæхæн бунæттон фонси муггагæй. Еци бæрæггæнæн бæсти æй хуæздæртæй еу. Гъæууонхæдзарадон еугонди зæнхæбæл ес фæлварæн станцæ. Уоми ци æртæсæдæ косæги ес, етæ еугондæн агъаз кæнунцæ техникæй, амунддзийнæдтæй. Аци бæсти фиццаг хатт ами зайун байдæдта фæткъутæ æма дæс хузей бæрцæ гагарæзæ. Сомони (райони) центри ес дууæ скъолай (райдайæн æма астæуккаг), дууæ медицинон косæндони æма æртæ фельдшерти пункти, ес си клуб, кинотеатр. Адæмæй беретæмæ ес мотоциклтæ. Сомони центрæй бæсти сæйраг сахар æма аймаки центр Чойбалсанмæ тæхунцæ хуæдтæхгутæ.

Тæхæн Чойбалсанмæ, рахесæрдигæй фæстегæй райзадæй цадæ Буир-Нур. Еци цадæмæ кæлуй Халхин-Голи дон. Нæ бунæй ба уинæн, ами тугъдтити рæстæг бомбитæ æма дзармадзани нæмгутæ гъоргъитæ кæми искъахтонцæ, еци зæнхæ. Будурти аллирдæмæти цæунцæ тугъди дзаманæй байзайгæ нæдтæ. Кæрдæг сæ бæргæ бамбарзта, фал ма уæддæр зиннунцæ бæрзондæй кæсгæй.

Æма мæнæ уæди дзамани фронти фарсмæ ка адтæй, еци сахар Чойбалсан дæр. Цæрæн хæдзæртти нæуæг гъæунгтæ си радаргъ æнцæ, фиди комбинати рæсугъд азгъунститæ си аразунцæ болгайраг специалисттæ. Аци агъазиау кустуат аллибон дæр дæтдзæнæй 90 тонни фиди продукттæ. Сахари ма косунцæ электростанцæ, цъоппæхснæн фабрикæ, æма советон специалисттæ ке аразунцæ, уæхæн къуар æндæр кустуатей азгъунститæ. Хуæдтæхæг еу зилд инней фæдбæл кæнуй сахари сæрмæ, æвæдзи, цæмæй имæ лæмбунæгдæр æркæсæн уæлиаутæй. Æма мах зæрдæхцæуæнæй уинæн, сахар куд зæрдæмæдзæугæ рæсугъд æй, уой.

Уой фæсте бабæй адтæй митинг сахари музыкалон-драмон театри. Халхин-Голи билгæрæнттæбæл тугъдтити ка архайдта, уонæй еу, Советон Цæдеси Бæгъатæр инæлар-лейтенант Иван Афонин, мангойлаг æмбæлттæн æ радзубандий зæрдиагæй уотæ загъта:

– Æхцæуæн æй, нæ тугъдон æмбæлтти тог дзæгъæли ке нæ никкалдæй, уой уинун. Никки æхцæуæндæр ба е æй, æма тугъдон рæстæгути æргомæй ци æнсувæрдзийнадæ æргомæй-æргомдæрæй æвдист æрцудæй, е абони никки тухгиндæр кæнуй. Уомæ гæсгæ ба ми федарæй æруагæс кæнуй е дæр, æма еузæрдиуонæй алкæддæр кæрæдзебæл æхцул ке уодзинан, е…


Цæугæдон Халхин-Голи фалдзос тугъдтити архайгутæн циртдзæвæн Манголий.

***Белорусси немуцаг-фашистон æрбалæборгути нихмæ тох кодтонцæ æма устур лæгдзийнадæ бавдистонцæ сæдæгай цæгатиристойнаг тугъдонтæ дæр. Уой дæр куд Советон Æфсади рæнгъити, уотæ знаги фæскъилдунти дæр – белоруссаг партизанти рæнгъити цæгатиристойнæгтæй бæгъатæрæй тох кодтонцæ фондзсæдæ адæймагемæй фулдæр.***




# "БАГРАТИОН"



**Афанасий БЕЛОБОРОДОВ,**
(1903-1990),
Советон Цæдеси дууæ хатти Бæгъатæр, æфсади инæлар

Сæйраг Командæкæнуйнади Ставкæ æма Генералон штаб 1944 анзи сæрди райдайæнмæ бацæттæ кодтонцæ ССР Цæдеси Гæрзефтонг Тухти сæрдигон размæмпурсти тугъдон-стратегион операци «Багратион». Е гъæуама иссайдæ уæди тæккæ агъазиаудæр æма тухгиндæр мадзал немуцаг-фашистон æфсæдтæн тæккæ уæззаудæр цæф никкæнунæн. Æ цæттæ кæнуни гъуддаги архайдтонцæ къуар фронтей командæгæнгутæ дæр. Нисангонд си адтæй цуппар мин километремæй фулдæри дæргъæн советон-германаг фронти цалдæр рауæнеми еци-еу рæстæг размæмпурсти мадзæлттæ исаразун. Сæйраг цæф гъæуама æрæййафтайдæ æ тæккæ бæрæгастæу, знагæн Белоруссий ка адтæй, æ еци тæккæ тухгиндæр æфсæддон къуæрттæй еу æнæгъæнæйдæр дæрæнгонд куд æрцудайдæ, уотæ.

Еци операци бацæттæгæнгутæ 'й исхудтонцæ «Багратион». Уой фæрци знаги гъæуайкæнуйнадæ гъæуама исрæмугъатайанæ цалдæр рауæнеми, фашистти æфсæдтæбæл æртухстайанæ æма сæ ниппурхæ кодтайанæ Витебски æма Бобруйски районти, уæдта советон æфсæдтæ кæрæдзей размæ ратундзтайуонцæ, æфсæдти къуар «Центр»-и сæйраг хъауритæбæл Минскæй искæсæн æрдæмæ æртухсуни æма сæ ниппурхæ кæнуни нисани хæццæ.

Советон æфсæдти нихмæ Белоруссий лæудтæй гитлерон æфсæдти къуар «Центр», уæдта ма æфсæдти къуæрттæ «Цæгат»-и æма «Хонсар»-и еугæндтæ. Гитлеронтæ си исаразтонцæ æртæ фæлтæри инженерон-гъæуайкæнуйнадон федæрттæ. Сæ них арæзт адтæй искæсæн æрдæмæ æма 'й германаг командæкæнуйнадæ цæмæдæр гæсгæ исхудта «Белоруссаг балкъон».

Знаги нихмæ ами лæудтæнцæ мах æфсæдти цуппар фронти, уони хæццæ 1-аг Прибалтикон фронт, нимпурсуни хуæдразмæ си æз командæ кæнун райдæдтон 43-аг æфсадæн.

Гитлеронти гъудимæ гæсгæ «Белоруссаг балкъон» советон æфсæдтæн æхгæдта тæккæ цубурдæр æма ахсгиагдæр нæдтæ Искæсæн Пруссимæ æма Польшæмæ, уæдта лæвардта, мах цæгат æрдигæй кенæ хонсар æрдигæй размæ æмпурсун ку райдæдтайанæ, уæд нæ фæрсæрдигæй ниццæвуни фадуат. Фашисттæ, ке зæгъун æй гъæуй, лæдæрдтæнцæ, Советон Сæйраг Командæкæнуйнадæ сæрди размæ æмпурсун ке райдайдзæнæй, уой. Фал кæми? Знаг уомæн неци зудта.

Майи кæрони 43-аг æфсадмæ æнæнгъæлæги фæззиндтæй фронти командæгæнæг, æфсади инæлар И.Х.Баграмян.

Июни фиццаг æмбеси Баграмян никкидæр ма дууæ хатти æрбацудæй мах æфсадмæ, æ гъос лæмбунæг дардта, бæлвурдæй нæхе куд цæттæ кæнæн, рæхги нæ ци тугъдон ихæстæ æнхæст кæнун багъæудзæнæй, уонæмæ.

Нимпурсуни размæ еугур еугæндти æма хæйтти дæр, тугъдон турусатæ рахастонцæ, утемæй си арæзт æрцудæй æфсæддонти митингтæ. Уоми æфсæддонтæ, командиртæ æма политикон косгутæй ка радзурдта, етæ сæ тугъдон æмбæлтти номæй дзурд равардтонцæ сæ тугъдон ихæс кади хæццæ исæнхæст кæнуни туххæй.

Нимпурст 23 июни ке райдайдзæнæй æма уомæ цæттæ уни туххæй фронти командæгæнæги амунд махбæл исæмбалдæй 18 июни. Еци изæр æз мæ къох бафинстон æфсадæн тугъдон бардзурди бунмæ. Мах æфсад Витебски рæбунмæ гъæуама æмпурстайдæ цæгат-нигулæн æрдигæй.

Æма 22 июни сæумæй фондз сахаттебæл дæс минуттей дæргъи дзармадзантæй знаги бунæттæ дæрæн кæнуни фæсте райдæдтан æсгарæн тугъд. Знагмæ нимпурстан, кæми гъæуама рарæмугъатайанæ, уоми, æнæгъæнæ авд километри уæрхæн фронти. Æма цалдæр рауæнеми уайтæккидæр нæ къохи бафтудæй æнтæстдзийнадæ.

Фал уæддæр сæйрагдæр тугъд ба райдæдта 1944 анзи 23 июни – бонивайæнти дзармадзанти гъæр æма бомбити исрæмугъдтитæ фегъосун кодтонцæ, сæйраг нимпурст ке райдæдта, уой туххæй. Знаг баййафта æнæнгъæлæги æверхъау цæф. Раззаг батальонтæ уайтæккæдæр бахъæрттæнцæ сауæнгæ æ гъæуайкæнуйнадон федæрттæмæ. Дуккаг бон æфсади еугур тухтæй дæр æмпурсун райдæдтан Витебски къилдунмæ. Еци уавæрти Тугъдон совет бардзурд равардта цæугæдон Нигулæн Двинай сæрти æнæдзебæлæй бахезуни туххæй.

Цæугæдони сæрти бахезунмæ фронти æфсæдтæ цæттæ кодтонцæ лæмбунæг æма дзæвгарæ рæстæг. Мах цæттæ кодтан аллихузон фæрæзнитæ, кæцити фæрци нин гъæуама бантæстайдæ еци цæугæдони сæрти бахезун. Æма нин е хъæбæр исбæзтæй. Еци фæрæзнити еу хай кæд надбæл бафæстеуат æй, уæддæр, Нигулæн Двинамæ ка бæхъæрттæй, еци æфсæддон хæйттæ æвæстеуатæй бавналдтонцæ æ сæрти хезунмæ.

24 июни изæрæй æз базудтон, инæлар И.И.Людникови 39-аг æфсад дæр Витебскæй хонсар-искæсæн æрдæмæ знаги фронт ке барæмугъта æма мах хæццæ байеу унмæ ке тундзуй, уой. Цæйбæрцæдæр рæстæги фæсте байеу ан. Витебскаг «цæги» бахаудтæнцæ знаги фондз фестæгæфсæддон дивизий æма е 'ртиккаг танкон æфсади берæ хецæн хæйттæ – уацари райстан æдеугурæй 50 мин фашистон æфсæддони æма афицеремæй фулдæр. Тæккæ дессагдæр ба е адтæй, æма знаг æртухсунæй æхе багъæуай кæнуни туххæй уæддæр еуцæйбæрцæдæр ахедгæ мадзæлттæ исаразунбæл æгириддæр ке нæ байархайдта, е. Хабар утæ цæмæн рауадæй, е раргом æй цалдæр боней фæсте. Æз фарстон уацайраг инæлари, 246-аг фестæг дивизий командир Мюллер-Бюлови. Куд мин радзурдта, утемæй æ гъудий кæрони дæр нæ адтæй, рацæуæн кæми нæййес, еци цъимаратæбæл мах размæ æмпурсун райдайдзинан, е. Знаг утæ æнгъæл адтæй, æма комкоммæ Витебскмæ æмпурсдзинан.

Кæд мах æфсæдтæ алли фронтти адтæнцæ, уæддæр сæ архайд кæрæдзей хæццæ æнгон баст адтæй, æма уой фæрци нин бантæстæй агъазиау бæрæггæнæнтæ. Знагæн Витебски æма æ алливарс ци æфсæдтæ адтæй, уони кæрæдземæй хайгайæй фæххецæнттæ кодтан æма утемæй дæрæнгонд æрцудæнцæ.

26 июни æхсæви еу сахаттебæл Витебскмæ бацæуун бантæстæй инæлар П.А. Диброви 145-аг дивизий 14-аг полккæн. 39-аг æфсади хæйтти хæццæ еумæ æмбесбонмæ сахар ракæдзос кодтонцæ знагæй. Витебски сæрмæ феллаун райдæдта Сурх туруса.

Фашистти витебскаг къуар ниддæрæн кæнуни туххæй Сæйраг Командæгæнæг райарфæ кодта 39-аг æма 43-аг æфсæдти тугъдонтæн. Уæлдай хъæбæрдæр фескъуæлхæг æфсæддон хæйттæ æма еугæндтæн лæвæрд æрцудæй, Витебскаг, зæгъгæ, кадгин ном. Мах æфсадæй еуæндæс æма дууинсæй тугъдонемæн, уони хæццæ мæнæн дæр, лæвæрд æрцудæй Советон Цæдеси Бæгъатæри ном.

Мах 43-аг æфсадæн Витебски тугъд рахецæн æй сахар Лепель иссæребарæ кæнунæй æма Советон Литвай арæнмæ рацæунæй.

* * *

Белоруссий зæнхæбæл немуцаг фашистон æрдонгти нихмæ тугъдтити кæронбæттæн куд рауадæй, уой туххæй дæр цубурæй зæгъæн. Мински бæрæгастæу гъæунгтæй еуеми 1944 анзи 16 июли рацудæй партизанти парад. Е адтæй цифуддæр знаги нихмæ уæззауæй-уæззаудæр тугъдтити фæууæлахез ун кæмæн бантæстæй, еци бæгъатæрти æркаст. Иннæ хатт ба мæскуйæгтæ кастæнцæ æндæр рацудмæ – нæ бæсти сæйраг сахари гъæунгти цудæнцæ, советон æфсæддонтæ сæ гъæуай кодтонцæ, утемæй 57600 гитлерони, кæцити уацари райстонцæ Белоруссий. Цудæнцæ «тæвдæ хурхи аруд куйти» хузæнттæй. Мæскуйæгтæ сæмæ мæстæйдзаг æма æнæуинондзийнади цæстингасæй кастæнцæ, утемæй. Етæ 1941 анзи гъавтонцæ Мæску байсун æма си паради рацæун. Е син нæ бантæстæй, фал син Мæскуй гъæунгти рацæуни фадуат ба уæддæр фæцæй – æцæг куд уæлахезонтæ утæ нæ, фал куд дæрæнгæндтитæ.

Гъе уоййадæбæл еума хатт, никки æгадæдæр хузи æрбасатар æй, уæди уæнгæ гитлерон разамунд æнæгъæнæ дуйнебæл æхе ци «германаг æфсæддон нæбасæттондзийнадæй» æстудта, еци «æргъау». Гъе уоййадæбæл дуйней дзиллæй еума хатт никки хъæбæрдæр баруагæс æй, Советон Æфсади тухгин цæфтæй германаг фашизмæн æ кæрон ке æрхъæрттæй, е.

... Анзмæ хæстæг ма багъудæй тохун, цæмæй германаг фашизм бустæгидæр хорхгонд æрцудæй æхе лæгæти. Анзмæ хæстæг ма цæудзæнæнцæ карз тогниккалди тугъдтитæ, цалинмæ пурхæгонд гитлерон нацизми лæгæти – Берлини сæрмæ – нæ исфелаудта Уæлахези Сурх Туруса. Анзмæ хæстæг ма германаг фашизм искунæг кæнунбæл тохгæнæг дзиллæ ма мингай æма мингай карнитæ хæсдзæнæй нивондæн, цæмæй дуйне цийнæгæнгæй исуолæфтайдæ, нацизм ин ци æверхъау карнæ цæттæ кодта, уомæй ке фæййервазтæй, уой балæдæргæй... Еци хуарздзийнадæ ба сæбæл æрцудæй, фиццаги-фиццагидæр, намусгин Советон Цæдеси адæмти уодуæлдай хъиамætти фæрци. Еци, æнæгъæнæ дуйнетæн лæдæрд рæстдзийнадæ абони кадæртæ исусхъуммитæ кæнунмæ гъавунцæ, æма син сæ еци фудмиуæ исаразун гъæуама æгириддæр маци хузи бауадзæн. Е æй нæ тæккæ ахсгиагдæр æма æнæмæнгæ æнхæсткæнуйнаг ихæс, фиццагидæр, Устур Фидибæстон тугъди нæ сæребарæдзийнади сæрбæлтау уодуæлдайæй ка хъиамæт кодта, уæлдайдæр ба уой туххæй æ цард ка равардта, уони рохс нæмтти размæ.




Тугъдон операци «Багратион»-и кадæн циртдзæвæн Белоруссий.

*Устур Фидибæстон тугъди рæстæг Иристони финсгутæй фронтмæ ка цæуидæ, уони Дæбе æхе хæдзарæй рафæндараст кæнидæ. Æма си етæ арфиаг уогæй, тохи будуртæй имæ æрветиуонцæ сæ финстæгутæ. Уонæми 'й фæрсиуонцæ æ царди хабæрттæй, цидæр курдиæдтæ дæр сæмæ уидæ. Дæбей зæрдхæлардзийнадæ зонгæй, Муртазти Барис имæ уотæ финста: «Январи мæйи рарвистон æмдзæвгити*


Дæбе æрыгонæй.



МАМСЫРАТЫ ДÆБЕ

# МÆ ЦАРДЫ ТАУРÆГЪ

Райдыдтой мæ фæллойы фыццаг бонтæ. Не 'мцег Дреты Датеимæ, кæд нæ рæдийын, уæд ацыдтæн уалдзыгæнд кæнынмæ Змейкæйы зæххытæм (зæххытæ нын дзы æххуырст уыдис).

Æз фынæйæ тардтон бæхты æмæ мын-иу хаххæй фæиуварс сты. Уæд-иу стыр хус къуыбар, кæнæ чысыл дур сæмбæлдис мæ фæсонтыл, æмæ мæ-иу уый райхъал кодта. Ехх, кæм фесæфти уыцы хуыссæг?! Мæ фырфынæйæ ма мыл фæззæдджы ахæм хабар дæр æрцыдис: фæззæджы уыдыстæм Сосланимæ нартхор тонынмæ, æз хъуамæ бæхмæ кастаин – ахуыræн тынг кад нæ уыдис нæ хъæуы, æмæ-иу цы сахат бахъуыд куысты, уыцы сахат-иу æй фæцух кодтой йæ ахуырæй. Сослан скъæрдта бæх уæззау сæппсæппæй. Æз бадтæн гуыффæйы хъæмпыл æмæ бафынæй дæн. Гуыффæйы дзыртт-дзырттæй уæрдоны кау фæстæмæ рабырыд, æмæ фæстейы стыр хуынкъ рауадис. Уыцы хуынкъæй рахаудтон æмæ хъал дæр нæ радæн, мæ хъæмпыл фынæйæ баззадтæн. Мигъджын уазал фæззыгон райсом уыдис æмæ мæ-иу уазал райхъал кодта, фæлæ фын уæддæр тыхджындæр уыдис. Акъуыбылой-иу дæн æмæ та-иу афынæй дæн.

Сослан дард куы ацыд, æрмæст уæд бафиппайдта, уæрдоны кæй нал дæн, уый. Фæстæмæ фездæхта æмæ мæм тæхгæ æрхæццæ. Рахъил мæ кодта. Уигъы мæ æмæ мæ тарст хъæлæсæй фæрсы:

– Кæм ныццавтай дæхи? Цы ныццавтай? Кæм дын риссы? Фынæй кæнын мæ куы бауагътаид, æндæр мæ цæфы мæт дæр æмæ рысты мæт дæр бæргæ нæ уыдис. Уыгъта мæ, афтæмæй-иу афынæй дæн. Хъусын йæ ныхас:

– Æнхъæлдæн, йæхи ныппырх кодта æмæ уадзыг у. Ласын æй хъæуы нæхимæ, уыцы ныхæстæ йæхицæн кодта, фæлæ сæ æз фехъуыстон. Мæхи тынгдæр ауагътон, – амонд у, хъæумæ мæ куы аласа æмæ æнæхъæн бон хуыссæгæй куы бафсæдон, уæд.

Æцæг афтæ рауадис.

Фæлæ нæ хуымгæныны таурæгъ кæнæм. Хуым кодтам не 'мцегæн. Сыхаг раздæр хуым кодта æмæ йæ дуртæ ииуылдæр не 'мцеджы хуыммæ фæкалдта. Рауадис дзы загъд æмæ над. Ме

**Кæрон.**
**Райдайæн 29-аг номери.**

'мцегæн йæ фындзы туг калд, йæ сыхагæн та йæ бæрзæйы туг – æгæр æй ныццавта не 'мцег дзомсы цыргъæй. Баиргъæвтой сæ. Хуым кæнæм. Куыд ма загътон, афтæ æз æрдæгфынæйæ тардтон бæхты, æмæ мыл уадис дурты æмæ къуыбæртты цæфтæ.

Зæнгтæ уæрагæй дæлæмæ зыбыты бæгънæг, къæхтыл ныллæгхъус аразгæ дзабыртæ. Тыхсынц къæхтыл сындзджын дзедырджытæ æмæ стигъынц зæнгты буар. Фæраст сæм вæййынц фароны нартхоры хæтæлтæ æмæ буар сфадынц. Туг кæлы, фæлæ йæ чи хъуыды кæны. «Хъæдгæмттæ сцъæйтæ уыдзысты, фæлæ хуымтæн æнæ бакæнгæ нæй, уæд стонг аз скæндзæн. Ард йæ хæдзары бацæуа, ныр пъолыл куы 'рлæууын, уæд простуд куы фæкæнын, мæ буар гыццыл фæцъæрæмыхст, уæд мын столбнячы уколтæ куы кæнынц, уæд мын уыцы æнæниздзинад цы фæцис? Уæвгæ мын æцæг столбнячы ныхмæ укол кæнын кæд хъуыд, уыцы цау дæр æрымысдзынæн.

Зынтæн дæр фæразын, æмæ мæ зæрдæ хъæлдзæг у – тагъд хуымгонд фæуыдзыстæм, æма та зилдзынæн хъæдтыл, найдзынæн Æрæфы сатæг уылæнты мæхи æмæ цард кæд мæгуыр у, уæддæр хъæлдзæг æмæ амондджын уыдзæн. Фæлæ афтæ нæ рауад.

-5-

Уæрæсейæ цыдæр змæстыты хъæр хъуысын байдыдта. Паддзахы, дам, аппæрстой.

– Афтæ йын хъæуы уыцы куыдзæн...

– Йæ бынаты æндæр паддзахы æрывæрдзысты, æмæ уый дæр махæн ницы хуыздæр уыдзæнис...

– Паддзах, дам, æппындæр нал уыдзæни, – дзуры мæгуыр лæг Хъодзаты Дзыццо.

– Гъи! Куыд нал уыдзæнис паддзах? Уæдæ дзы дæу сæвæрдзысты? – хынджылæг дзы кæны хъæздыг Фидараты Михал.

– Æмæ йыл худгæ та цæмæн кæныс? – фæрсы Михалы мæстыйæ гуылæвзагæй Æлбораты Бечмырзæ. Уый хъæздыг хæдзарæй уыдис, фæлæ ахуыргонд уыдис æмæ кæронмæ революцийы фарс æрлæууыдис. (Фæмард 1924 азы, хъæусоветы сæрдар уæвгæйæ). – Революци уымæн ралæууыдис, Михал, æмæ хъуамæ паддзах мауал уа, фæлæ адæм сæхицæн хицау уой.

Уымæ фæстæмæ дзурын нæ уæндыд Михал, стæй йын йæ зæрдæ скъаха, уый дæр æй нæ фæндыд. Фæлæ ма, æнæрвæссон худт кæнгæйæ, загъта:

– Уæдæ Дзыццо дæр паддзæхтæй иу уыдзæни, нæ? Гъæ йæ тæригъæд фæхæссат, йе, – зæгъгæйæ йæ къухтæ фæсонты 'рдыгæй йæ уæлдзарм кæрцы дысты батъыста æмæ иуварс ацыдис.

Хъæу куыддæр æнæнцой змæлд кæнын райдыдта, адæм цæмæйдæр тарстысты, цæмæдæр æнхъæлмæ кастысты, афтæмæй сыл цыдысты бонтæ.

Уалдзæджы хæстæй сыздæхт Баймæтаты Агуыбечыр. Уый хæстмæ ацыди нæ хистæр хо Бæдимæты фыццаг лæг Фидараты Доттиимæ.

Дотти æнæхæдзар уæвгæйæ кадджын лæппу уыд, уый тыххæй йын бакуымдта Бæдимæт дæр. Нæма йæ ахастой, афтæ йын Æрæфы был сахъари хæдзар кæнын райдыдтой. Æппæтæй тынгдæр архайдта Бæдимæт йæхæдæг, æфсæрмы нæ кодта.

Йæ фыд Дзиккуыры амарды фæстæ Дотти фыццаг хатт æрцардис йæхи хæрзæфснайд, сыгъдæг, ног хъæмпæй æмбæрзт хæдзары. Рæстæгмæ хæдзар æй хуыдтой. Хъуамæ тагъд скæной фæхсæй дурæмбæрзт хæдзар. Ныр уал ацы хæдзары дæр амондджын уыдысты. Хъуыды ма кæнын, кæсæджы зæххы рувынмæ уыдысты, æз та сын бæхмæ кæсæг уыдтæн. Изæры мæй йæ цæлхыдзагæй касти. Æз бæхтæрæг уыдтæн æмæ Доттийы ныхасæй бæхы тардтон, куыд уайын йæ бон уыдис, афтæ тагъд. Бæдимæт йæ дзыхæй цагъта, Дотти та фыццаг гуыффæйы быныл кафыдис, стæй гуыффæйы фарсхъæдтæм фæгæпп кодта æмæ уым кафын райдыдта.

Амондджын уыдысты, фæлæ сæ амонд дард нæ ахаста – æрмæст æртæ мæйы ацардысты (Бæдимæт та куырдуаты аст мæйы фæбадтис), афтæ йæ Баймæтаты Агуыбечыримæ æфсадмæ акодтой. Цас рæстæг рацыд, уымæн ницы хъуыды кæнын, афтæ Воздвиженскæй æрбайхъуыст, ирон хæстонтæ, дам, цухъхъатæ йеддæмæ салдаты цинелтæ скæнын нæ бакуымдтой, афицертимæ (хъазахъхъаг полкимæ) схæцыдысты, æмæ афицертæй дæр бирæ фæмард, ирæттæй дæр. Уыдонимæ фæмард Дотти дæр.

Æз Бæдимæтæн хъахъхъæнæгæй баззадтæн йæ мæгуыр хæдзары, цалынмæ идæдзы æгъдæуттæ конд фæцис æмæ нæхимæ 'рбаздæхт, уæдмæ. Цæй бирæ хъарджытæ разынди Бæдимæтмæ! Цæй диссаджы фæлмæн ныхæстæй сидтис йæхимæ æхсæвæй-бонмæ Доттимæ:

– Уæ мæ зæрдæдарæн! Уæ мæ царды цин! Уæ мæ лæугæ хох æмæ цæугæ мæсыг! Æз дæр сидзæр куы дæн, уæд мæ иунæгæй цæмæн уадзыс? Бирæ дæ уарзын куы дзырдтай, æмæ дæ æз дæр куы уарзтон, уæд мæ цæмæн фæсайдтай? – куыдта æхсæвты суанг бонмæ, æмæ æз дæр куыдтон йемæ.

– Фæлæ ныхас Агуыбечырыл цæуы. Сыздæхт уый æфсадæй. Йæ алыварс æрбакъорд кодта, хъæуы мæгуыртæй удыхъæдæй сæрæндæр чи уыдис, уыдоны. Ныхæсты-иу арæх зынын байдыдтой æмæ адæмы æхсæн «змæнтæн» ныхас кæнын райдыдтой. Агуыбечыры хуыдтой «большевик», стæй йын уыцы номæй рахуыдтой иннæ æмбæлтты дæр, фæлæ большевик цы ныхас уыдис, уый æз нæма зыдтон.

Нæ уæле Сечеры революцион къорды разамонæг уыдис Хайты Батырбег, йæ къорды та уыдысты нæ чындз Олинкайы хистæр æфсымæр Баситы Алимырза, Гæтæгонты Хадзырæт, Мецъиты Абади æмæ ма чидæртæ. Сиу сты мах хъæуы къордимæ æмæ цавæрдæр хъуыддæгтæм цæттæ кодтой сæхи.

Дарддæр революцион цаутæ Дæргъæвсы, куыд æрымысыдтæн, афтæ равдыстон роман «Хъæбатырты кадæджы» 2-аг æмæ 3-аг чиныджы, Æрæфыхъæуы цаутæ æвдисгæйæ. Фæлæ ма хæрз цыбырæй ахæм дыууæ цауы æрхъуыды кæнынмæ хъавын:


Аци къарæ ист æй социалон хизæгтæй.

**Зундгонд ахургонд, филологон наукити кандидат, Цæгат Иристони Хетæгкати Къостай номбæл Паддзахадон премий лауреат Цæллагти Николайи фурт Владимири райгурдбæл 24 августи æнхæст кæнуй фондз æма цуппаринсæй анзи (1939-2009).**

***æмбурдгонд киунугæ рауадзуни туххæй. Фал нерæнгæ неци бæлвурддзийнадæ ес. Корун ди, цæмæй тагъддæр рацæуа, уой туххæй фæййагъаз кæнæ. Æнгъæл дæн, дууæ анзи ескæми къуми лæууй. Нæййес фагæ цæстдард, тугъдмæ ка рандæй, еци фæлтæри цардмæ. Аци фарстабæл, ке зæгъун æй гъæуй, ку иссæуæн, уæд кæми гъæуй, уоми радзубанди кæндзинан...»***



Фыццаг. Алимырзайы дзыцца æрхуыдта ирон æгъдаумæ гæсгæ нæхимæ – йемæ уыдысты Батырбег æмæ Абади. Се 'ппæтыл дæр уыди фæрсмæ фæлдæхт хъазахъхъаг топпытæ, астæуыл æмæ уæхсчытыл цæхгæр æвæрд хъаратæ æмæ нагантæ сæракæй хуымпъырты. Æгасцуай зæгъынмæ сæм кæй æрбахуыдта дзыцца, уыдонимæ уыдысты Агуыбечыр æмæ Бечмырзæ дæр – уыдон дæр афтæ ифтонг уыдысты хæцæнгæрзтæй. Мидæмæ сæ хæдзармæ куы кодтой, уæд мын Агуыбечыр мæ хъусы æрбадзырдта:

– Цу, аргъуаны къуыбырæй кæс, æмæ ардæм барджытæ кæнæ фистæг адæм кьордæй куы цæуой, уæд нын æвæстиатæй хъусын кæн. Хъусын кæнын дæ къухы нал бафтыдис, зæгъгæ, уæд та-иу дыууæ æхситты ныккæн.

Уымæй бамбæрстон, сæ бадт тæссаг кæй уыдис, уый. Æхсызгон мын уыдис, ахæм хæс мæм кæй æрхаудта, уый. Ме 'мгар æмæ сыхаджы, Уртаты Гаврелы, мемæ айстон, дыууæйæ хуыздæр хъахъхъæндзыстæм, зæгъгæ, уый æфсонæй, фæлæ уымæн дæр æхсызгон уыдис, ахæм хъуыддагæн æй кæй бацагуырдтон, уый.

Æхсæв уыд мæйрухс. Хъахъхъæнæм, хъахъхъæнæм, фæлæ никуы æмæ ницы. Дзæгъæлы тæрсынц, зæгъгæ, афтæ банымадтам æмæ зæххы кардсадзынтæй хъазын райдыдтам. Уалынмæ мын Гаврел мæ уæхскыл фæхæцыд æмæ йæ иннæ къухæй Æрæфы фаллаг фарсмæ амыдта. Бирæ барджытæ фæуырдыг кодтой Æрæфмæ. Æз ныхситт кодтон. Стæй нæхимæ разгъордтам. Уазджытæ бадтысты сæ бæхтыл, Агуыбечыритæ дæр уæдмæ сæ бæхтыл бадтысты – бæхтыл уыдысты, уый нæ бафиппайдтон уазджыты бæхты æхсæн.

Федтон сæ мæхæдæг. Бирæ барджытæ сты, – дзырдта мæ бацыдмæ Агуыбечыр. Стæй мæм уæлбæхæй йæ сæр æривæзта æмæ та мын мæ хъусы загъта: «Гæбайæн зæгъ æмæ нын-иу райсом хæринаг Цæвæджыхъомæ рахæсс. Уым уыдзыстæм. Æрмæст искæмæн...» – йæ былтæ ангом кодта æмæ сæ йæ амонæн æнгуылдзæй балхъывта.

– Уанцон нæу.

Уымæй фæстæмæ сын сусæгæй хæринаг хæссын райдыдтон. Алы хатт дæр сæ бынат ивтой æмæ сын ног бынатмæ хастон хæринаг. Æрмæст сæхæдæг æмæ æз зыдтон ног бынат.

Фæлæ ууыл нæ цæуы ныхас. Бинонтæ æнкъардæй ныххуыссыдысты – Сандро йæ бинойнагимæ уæладзыджы, мах æрдæгпъадвалы. Фæсæхсæвæрты нæм фæзындысты фондз гæрзифтонг хъазахъхъаджы. Сæ амонджытæ уыдысты нæ сыхаг Баймæтаты Коля æмæ Цырыхаты Мырзахъул. (Уый хæдразмæ нæ хæдзары хуынд уазджытимæ бадтысты, Мырзахъул та уыд Олинкайы æмдзуарджын).

Уæззау цырыхъхъытæй асинтыл гыбар-гыбурмæ фехъал стæм иууылдæр æмæ кæртмæ ракалдыстæм. Уæдмæ хъазахъхъæгтæ «джигул кодтой» ног чындзы æмæ йæ мойы уаты. Дæргъæвсы фатеры давд никуы уыдис æмæ уый тыххæй сæ дуæрттыл æхгæнæнтæ нæ уыдис, æмæ сыл гуыдыр никуы æвæрдтой. (Афтæ у ныр дæр ма, 1958 азы, бирæ хæдзæрттæ).

Гом дуарыл æнæ бадзургæйæ бамидæг сты ног чындзы уаты. Ног чындз ма фæтæррæтт кодта афтид мидæггæгты æмæ нымæты йæхи батыхта. Фæлæ йæ хъазахъхъаг райхалын кодта, æрмæст рæсугъд у æви нæ, уый фенынЫ тыххæй.

Сандройы æрцахстой. Хæдзары кæуын æмæ цъæхахст. Фæлæ дыккаг бон æрцыд нæхимæ.

– Мах ын куы нæ уыдаиккам, уæд ын æнæ фехсгæ нæ уыд, – æппæлыдысты Коля æмæ Мырзахъул.

Æз сусæгæй хæринаг хæссын кæнæ та, растдæр зæгъгæйæ, галуæрдоны гуыффæмæ бастæй ласын байдыдтон. Хъæуыхицау Сугъараты Дзадза (уæды хъæуыхицау, кæддæр Уæрæсейы дæр стражник уыдис æмæ уымæй налатдæр лæгæн скæнæн ницы ис) æмæ мыл уыцы Дзадза дызæрдыг кæнын райдыдта, дызæрдыг каст дам-иу кодта мæ фæстæ. Фæлæ æхсæзæм бон сæ бынаты нал сæййæфтон партизанты, Асыйы хæхтæм, дам, аивтой.

Дыккаг. Хъæугæрон æрлæууыдис стыр сырх тырысаджын бæхджын отряд гыццыл сармадзанимæ. Дреты Дзабо контрреволюцион элемент – кæд зæронд уыдис, уæддæр згъордта хæдзарæй-хæдзармæ æмæ хъæр кодта:

– Цы ма кусут, Дæргъæвсы лæгтæ? Сырх тырыса нæм куы сдардтой æмæ нæ хæст куы агурынц, уæд сын мах та цы дзуапп дæттæм? Цомут, гормæттæ, хæстмæ, нæхи бахъахъхъæнæм. (Сырх тырыса, дам, хæст сидыны нысан уыди).

Хъæуы адæм хæст нæ расидтысты, фæлæ минæвæрттæ æрвыстой отрядмæ.

Минæвæрттæ хъæумæ æрбахуыдтой отряды æмæ сæ хæдзæрттыл байуæрстой. Уый уыди Тауаситы Сослæнбеджы (ныры номдзыд скульпторы) революцион отряд æмæ тагъд кодта кæсгон номдзыд революционер Назир Катхановæн æххуыс кæнынмæ.

***РЕДАКЦИЙÆЙ.*** *Мамсурати Дæбе æхуæдæг ке ниффинста, æ еци имисуйнæгтæмæ гæсгæ ма уой дæр зæгъуйнаг ан, æма ин æ райгурæн гъæубæсти евгъуд царди хабæрттæ æма цаутæ хъæбæр зæрдтагон адтæнцæ, сæ кой син ахид кæнидæ æ публицистон æрмæгути, испайда си кæнидæ æ аййевадон уадзимисти дæр. Мæнæ ин абони æ имисуйнæгти хæццæ ма ци уац мухур кæнæн, уой дæр хумæтæги нæ равзурстан. Куд зонетæ, уотемæй æрæги кадгинæй исбæрæг кодтан Цæгат Иристони автономий сæдæ анзей бæрæгбон. Æма, махмæ гæсгæ, цæмæдесаг уодзæнæй нæ газеткæсгутæн, сæдæ анзей размæ нæ республикæ автономон ку иссæй, уæд уобæл нæ дзиллæ, бæлвурдæй ба Будури Дæргъæвси цæргутæ куд цийнæгæнгæй исæмбалдæнцæ, уой фæдбæл хабæрттæ базонун.*



КАДЖАТИ Вадими конд хузæ.

# ЦИЙНИ БОН БУДУРИ ДÆРГЪÆВСИ

Гъæуи цæргути æмбурд уоййасæбæл берæ нæ рахаста. Ревкоми сæрдар Баймæтати Агубекир фегъосун кодта, зæгъгæ, нæ бæсти нæуæг Конституцимæ гæсгæ Цæгат Иристон иссæй автономон облæст Уæрæсей Федераций исконди. Агубекирæй нæ феронх æй сæрмагондæй уой дæр баханхæ кæнун, æма Иристони хузæн минкъий адæмтæн уæхæн устур бартæ лæвæрд ке æрцудæй, е сæ хецæнтæ ке нæ кæнуй, Октябри революци син ци урух нæдтæ байгон кодта, уонæбæл æдзæстхезæй сæ амондгундæр исонибонмæ цæунæн син уæхæн хуæдбарæдзийнади фæрци лæвæрд цæуй никки агъазиаудæр равгитæ æма фадуæттæ, Иристони хузæн минкъий адæмихæттитæн ке æрцудæй сæ цард сæхе фæндæуагæ, сæхе хъауритæй аразуни догæ.

Еци устур цийни бонбæл Иристони фæллойнæгæнгутæ куд исæмбалдæнцæ, уой æхе цæститæй ка нæ фæууидта, уомæн, ка 'й зонуй, еуцæйбæрцæдæр зин балæдæрæн æй адæми игъæлдзæгдзийнадæ еци цауи фæдбæл. Зæгъдзæнæн, Будури Дæргъæвси хузæн фæрсаг æма идæрдтаг гъæу Цæгат Иристони автономий хабарбæл куд хъæбæр цийнæгæнгæй исæмбалдæнцæ, уой туххæй.

– Ци адтан, уой нæбал ан!.. Нур мах ан сæребарæ фæллойнæгæнгути сæребарæ автономон паддзахадæ!.. Мæ хортæ, кæд размæ цæуйнаг ан, уæд нæ хъаурæ æма нæхуæдтæ!.. Размæ нæ хъаурити æмбæрцæ цæун куд фæразæн, уомæн нин еугур фадуæттæ дæр равардта Советон хецаудзийнадæ. Мадта размæ, нæ рохсдæр æма амондгундæр цардмæ! – уæхæн зæрдтагон дзубандитæ ахидæйахиддæр игъустæнцæ цийни фæдбæл æмбурди.

Раст зæгъун гъæуй, адæми сæрмагондæй неке æмбурд кодта. Гъæуи разамунд изæрмæ иснисан кодтонцæ æмбурд, гъома, адæми сæ куститæй куд нæ багъигæдарæн, зæгъгæ. Фал цийни хабар ка куд игъуста, уотæ къуæрттæ-къуæрттæй цудæнцæ скъолай тургъæмæ, сæ еумæйаг æмбурдтæ кæми фæуунцæ, уордæмæ, æма гъæуи цæргутæ рæфтæй дæр раздæр еугурæй дæр æрæмбурд æнцæ уордæмæ. Уомæ гæсгæ ба гъæуи разамунд дæр сход игонбæл банимадта. Баймæтати Агубекир цубурæй, фал бæлвурдæй ку фегъосун кодта, Иристонæн автономон облæсти ном лæвæрд ке 'рцудæй æма автономици 'й, уой, уæд уобæл æмбурд фæцæй. Фал адæм, иннæ гъæуон æмбурдти куд уидæ, уотæ уайсахат нæ фæххæлеу æнцæ. Æмбурд гъæууон скъолай адтæй, æма уоми кълæсти, тургъи алли къумти фæкъкъуæрттæ уогæй, адæмæн сæ медастæу аллихузон дзубанди байеудагъ æй.

– Гъей, хуарз адæм! – рагъæр кодта скъолай тургъæй Мукагъати Мулкк. – Уæ хуарзæнхæй, ами ка ес, етæ уæ еугурдæр, ами ка нæй, уонæй ба сæ хæдзари ке иссерайтæ, уони дæр уæ хæццæ райсетæ æма мæ хæдзари куд исæмбæлайтæ хорнигулди размæ, уотæ. Аци устур бони номбæл æз æвгæрдун гал!..

Мулкк адтæй рæстæмбес цæрæг, фудхузтæарæзт, фал цурд æма кустуарзагæ лæг. Уарзта кæддæриддæр адæми, адтæй кæрдзиндæттон æма ин гъæубæсти медæгæ æхецæн дæр уæхæн дзуапп лæвардтонцæ. Зудтонцæ 'й, колдуарбæл дæр ка нæ цудæй, уæхæн дууæ стъараполаг гали имæ ке адтæй, уой дæр. Æма си еуей равгæрдун ке исфæндæ кодта, еци хабарбæл куд нæ бауæндтайуонцæ – еци лæг алкæддæр æ дзурдæн хецау адтæй. Уой базонгæй имæ адæм æмхузонæй сæхе бахадтонцæ:

– Косæг лæг дæ, æма дæхе косæг тухæ ма фенæхай кæнæ...

Гъуддаг æрцудæй уомæ, æма Мулккæн æ гал нивгæрдун нæбал бауагътонцæ. Фал цалдæр биццеуи фæццурд æнцæ (куд ма гъуди кæнун, уотемæй Токати Батæрбег, Сасиати Будти æма Æлборати Гала), æрзилдæнцæ адæмбæл æма, кæмæн æ фадуат цæйбæрцæ адтæй, уойбæрцæ равардта гъæугувдæн.

Адæм еугурæйдæр – устурæй-минкъийæй, зæрондæй-æригонæй – æрæмбурд æнцæ гъæугæрон, «æхсинцъи буни» кæми худтонцæ, еци рауæнмæ. Кувд райдæдта. Еу рæстæги æ бунатæй исистадæй гъæуи хестæр æртиндæс æма æртинсæйанздзуд Баймæтати Гауи.

– Мæнæ хуарз адæм, сæребарæ æма нин амонд ка 'рхаста, еци устур Ленин, кæд æхуæдæг нæбал æй, уæддæр ин æ хуарз гъуддæгутæ идарддæр ка хæссуй, еци партий цæрæнбони туххæй баковæн. Кæддæриддæр Ленини амунд надбæл æ тухæ æма фæндити æмбæрцæ цæунгъон куд уа, уæхæн уæд!..

Гауий кувд кæронмæ ку рахъæрттæй, уæд кæстæртæй кадæр ниццæлхъ ласта зар. Зарун райдæдтонцæ кувди бадæг адæм еугурæй дæр... Уалинмæ ба кæстæртæ бавналдтонцæ кафунмæ. Кудфæстæмæ, уотæ кафт симдмæ рахизтæй.

– Гъей, фæсевæд, гъæуи симд, мæ хортæ, гъæуи симд! – фæдздзурдта сæмæ зæрæндтæй кадæр. – Гъæуи симд уæлдай устурдæр цийни бони фæккæнунцæ æма ма нæбæл аци бонæй устурдæр цийни бон кæд никкæндзæнæй – автономийæй ма нин устурдæр æма хъазардæр лæвар ка ракæндзæнæй?!

Гъæуи симд ма нæмæ уой размæ дæр адтæй, фал си уæди хузæн некæд неци адтæй. Гъазт кæми адтæй, уордигæй адæм дугæйттæй фæд-фæди гъæумæ семгæ рандæнцæ, æма, еци æнæбанцайгæй, æрзилдæнцæ гъæуи гъæунгтæбæл, уæдта бабæй еци семгæ фæстæмæ сæ бунатбæл исæмбалдæнцæ. Алли хæдзари æфсийнæ дæр æ ихæсбæл банимадта, рагацау хинст æрцæттæ кæнун æма семгæ адæм си ке размæ æрбахъæртонцæ, уæдта син сæ дуармæ æгъдау раттун.

Еци бон нæ гъæуи еунæг хæдзарæ дæр нæ байзадæй, Иристони автономий кой кæми не 'скодтонцæ æма 'й Иристонæн ка равардта, еци хецаудзийнади цæрæнбони æма амонди тухкæй арфити дзубанди кæми нæ адтæй. Хор хуæнхтæбæл æ билæ ку æрæнцайун кодта, раст еци афони бахъæрттæнцæ фæсевæд сæ семæн фæзæмæ.

Мæ райгурæн гъæуи æз фæууидтон берæ бæрæгбæнттæ, берæ цийни бæнттæ. Фал Иристонæн автономий ном равардтонцæ, зæгъгæ, еци хабар сæбæл ку исæмбалдæй, уомæй устурдæр цийни бон цумæ некæд никкодта мæ гъæубæстæбæл, уотæ мæмæ кастæй берæ æнзти дæргъи.

**Уæрæсей Федераций æма Цæгат Иристони адæмон артисткæ Икъати Серафимæ Геуæргий кизги райгурдбæл 29 августи æнхæст кæнуй фиддæс æма фондзинсæй анзи (1909-1993).**

*Если бы лень была олимпийским видом спорта, то я бы занял 4-е место. И мне бы не пришлось лезть на этот пьедестал за медалью.*

** * **

*Какое-то жалкое ничтожество прислало мне приглашение на свой семинар по повышению самооценки.*

** * **

*После долгих месяцев невезения, мне, наконец, улыбнулась удача. Но както так нехорошо улыбнулась.*

## АДÆЙМАГÆН Æ БÆЛДИТÆ КУД ÆНЦÆ, ГЪЕ УОТÆ ÆХУÆДÆГ ДÆР ИРÆЗУЙ!..



# ÆНТÆСТИ НÆДТÆЙ ЕУЕЙ РАВЗАРУНМÆ ИСАРÆХСÆ...

**1.** Цидæр гъуддæгути архайунмæ бæлгæй фæггуз унæй фæттæрсис?

а) Нæ. б) Циуавæр уа, уомæ гæсгæ. в) Гъо.

**2.** Æнтæстгинтæй игургæ ракæнунцæ æви уæхæнттæ уогæ исунцæ?

а) Алли хузи фæууй. б) Гъо. в) Алке нæ.

**3.** Æ уæгæ æгириддæр кæмæн некæд сæттуй, уæхæн адæймæгути къуарæй дæ?

а) Гъо. б) Алцæми нæ. в) Нæ.

**4.** Дæумæ гæсгæ, ци бæрæггæнæнтæ дин зундгонд æнцæ, етæ æцæгæйдæр, куд сæ фенгъæлунцæ, уотæ исæнхæст унцæ?

а) Айдагъдæр сæ хуæздæртæ. б) Фæйнæхузи. в). Айдагъдæр сæ лæгъузтæ.

**5.** Ескæд ди еститæ радавтонцæ?

а) Нæ. б) Цидæр листæгутæ. в) Гъо.

**6.** Ескæд æхцатæ иссирдтай?

а) Гъо. б) Цидæр минкъийтæ. в) Нæ.

**7.** Царди алцидæр ирисхъи дæлбари æй æма си алцидæр уомæй аразгæ 'й?

а) Гъо б) Бустæги уомæй нæ. в) Ци, уомæ гæсгæ.

**8.** Æрхун кæнис дæ сабийдогæбæл?

а) Нæ. б) Еуæй-еухатт. в) Гъо.

**9.** Лотерейæй ескæд рамулдтай?

а) Гъо. б) Цидæр листæгутæ. в) Нæ.

**10.** Цидæр бæрнон гъуддæгутæ дæхемæ райсунæй тæрсис?

а) Нæ. б) Циуавæр уонцæ, уомæ гæсгæ. в) Гъо.

**11.**Цæмæдæрти бæллун уарзис?

а) Цæмæ, уомæ гæсгæ. б) Хаттæй-хатт. в) Гъо.

**12.** Ци гъуддæгутæ райдайис, етæ дин бантæсдзæнæнцæ, зæгъгæ, ди федарæй феруагæс кæнуй?

а) Гъо. б) Циуавæр, уомæ гæсгæ. в) Нæ.

**13.** Æхцатæ нимайгæй дæ ахид расайунцæ?

а) Некæд. б) Минкъийтæй. в) Хъæбæр ахид.

14. Нивæ айдагъдæр тухгиндæртæ æма æндиуддæртæмæ байдзулуй?

а) Айдагъ уонæмæ нæ. б) Зæгъун æнгъезуй, гъо. в) Ци киндæуа, уотæ 'й.

Аци фарстатæн сæ фулдæремæн уæ дзуапп «Гъо» адтæй? Мадта уæд нивæ дæ тæккæ хуæздæр æмбал æй, уæгъдæ æхцатæ дæмæ ку фæззинна, уæд – байгъосæ нæмæ!.. – бауайæ, лотерейон билеттæ кæми уæйæ кæнунцæ, уордæмæ æма си ралхæнæ. Уогæ дæмæ уотемæй дæр аци царди фагæ хауй амондгун билеттæ, æма еугæр уæхæн æнтæстгин дæ, уæд дин ес еугур равгитæ дæр цийфæнди æнтæстдзийнæдтæн дæр, æцæг си ма фæффудевгед уо.

Кæд æма дæ дзуæппитæ фулдæр «б» адтæнцæ, уæд е ба уой æвдесæн æй, æма æнтæст дæ еуværсти нæ райевгъуйуй. Æцæг ди иронх ма уæд е дæр, æма æнтæст тъифтъирикъугæнагæ 'й, æма ахиддæр æма рæдаудæрæй дæ хайгин кæндзæнæй, дæхе си листæг миутæ æма нецæййаг ерхæфсæнти ауæнтти ку нæ римæхсай.

Кæд æма дæ дзуæппитæ фулдæр «в» адтæнцæ, уæд е ба уой æвдесуй, æма æнтæсти хæццæ дин нерæнгæ бал лимæндзийнадæ нæма ес. Ку зæгъæн – нерæнгæ бал. Уомæн æма дин равгæ ес аллихузон психологон мадзæлтти фæрци де 'нтæстдзийнадæ фулдæр ирæзун кæнунæн. Æма уотемæй цæйбæрцæдæр рæстæги фæсте исуодзæнæ бустæги æнтæстгин. Райдайун ба гъæуй хебæл, хе лæгигъæдтæбæл æма гæнæнтæбæл хъæбæрдæр æууæндунæй, сауæнгæ дæ минкъий æнтæстдзийнæдтæ дæр дин разæнгардгæнæг куд уонцæ.

## ДЕССАГИ НИВГУН АДÆЙМÆГУТÆ

Зундгонд спелеолог (лæгæттæ æсгарæг) Джордж Ду Присни 1983 анзи штат Висконсини æсгарæн куститæ кæнгæй, зелгæ дони гулфæнмæ ниххаудтæй æма дæлзæнхон арф лæгæти исмедæг æй. Ахургонд нæ фæммард æй. Ци рæстæг си фæцæй, уой дæргъи хуардта, лæгæти фæрстæй ци дони ирæзæг зайæгойтæ æрхафидæ, уони æма кæсæлгитæ. Цæмæй хæрдмæ исхизтайдæ, уомæн иссирдта уæхæн фæрæзнæ. Æ цъинда свитери хузгин хæлттæ райхалдта, биттирти къæхтæбæл сæ бабаста æма уони ба хъоргъæй истæхун кодта. Хузгин хæлттæ æрæстæфтæнцæ хæстæг цæрæг сахари цæргутæ æма 'й етæ фæййервæзун кодтонцæ æ дæлзæнхон уацарæй – æртиндæс боней фæсте.

* * *

Штат Вирджиний парки косæг Роя Саливаний арв ниццавта авд хатти æма уæддæр уодæгасæй байзадæй.

* * *

Штат Огайой цæрæг Дэйл Повицки 1997 анзи æнсури мæйи æнæргъудийæй æхгæд æрцудæй уазалгæнæни. Æнæгъæнæ дууæ суткей бæрцæ си фæцæй, фал нæ ниссалдæй. Уой дæр уой фæрци, æма уазалгæнæни ци фидтæ адтæнцæ, уонæбæл ауигъд этикеткитæ æфтудта æма



си арт кодта, хуарз æма имæ разиндтæй артгæнæн дзаумау (зажигалкæ). Уæдта ма фиутæ лух кодта æма сæ тайун кодта, асбест хæтæлти гæбазтæй ци поднос исаразта, уобæл.

* * *

Еу мексикаг ба æнæ донæй аст бони фæцæй æзменсгун итигъд будури. Бонигон уæлдæфи тæвдæ исхезидæ 39 градусей уæнгæ. Адтæй имæ æдеугурæй 7,5 литри дон, уотемæй бæхбæл фæццудæй 56 километри. Бæх ку бастадæй, уæдта ма фестæгæй фæццудæй 161 километри. Цалинмæ 'й ирдтонцæ, уæдмæ бахъæрæу æма бакъуру æй, æ сæр сæнтуорс иссæй, æ уæзи цуппæрæнхай си фæгъгъудæй, фал уæддæр уодæгасæй ба байзадæй.

* * *

Югославиаг стюардессæ Весна Вулович фæййервазтæй,1972 анзи хуæдтæхæгæй 10 километрей бæрзæндæй æнæ парашютæй рахаугæй. Хуæдтæхæг фехалдæй уæлдæфи Чехословакий сæрмæ.

* * *

Денгизон науæ «Съюзен Б.Энтони»-й ци 2689 адæймаги адтæй, етæ сæ еугурдæр уодæгасæй байзадæнцæ, науæ 1944 анзи Франций билгæронмæ хæстæг ку фæддæлдон æй, уæд.

* * *

Гавайи сакъадахтæй еуей цæрæг Холуа 1868 анзи апърели бахаудтæй, æ бæрзæндæ 15 метри кæмæн адтæй, уæхæн устур уолæни (цунамий) рагъмæ æма фæййервазтæй.

* * *

Æнæгъæнæ 177 бони фæцæнцæ денгизи сакъадах Никунау Кирибатий ( Сабур океани хонсар-нигулæн хаййи сакъадахтæбæл паддзахади) цæрæг дууæ кæсалгдзауи. 1991 анзи сæ игон наубæлæгъи кæсалгæ ахæссунмæ рацудæнцæ æма денгизи бахаудтæнцæ, тæссагæй-тæссагдæр ка исæнахъæл æй, денгизи еци уолæнти. Анзи æмбеси дæргъи бæрцæ сæ фæрракæнæ-бакæнæ кодта Сабур форд, фал цардæгасæй байзадæнцæ.

## РАСАГЪÆС КÆНАЙТÆ!..



**Фарстатæн се 'мбесæй фулдæребæл раст дзуæппитæ ку раттай, уæд е уой æвдесæн æй, æма дæ зундгиндзийнадæ цæйбæрцæбæл бæрзонддæр æй.**

**1. Куд уæрæсейæгтæ, уотæ аци бæсти цæргутæ дæр бустæги исгъигæ 'нцæ телеуинунади рекламæй – æгæр сæ хъор кодта сæ уарзон телеравдиститæмæ кæсунæн. Æма ецирдигон ацъагъуæгинтæ æргъуди кодтонцæ уæхæн гарзæг, кæци 'й фæрци реклами рæстæг телевизор æхуæдæг «фæххуссуй». Кæци бæсти кой цæуй?**

а) Япони. б) Франци. в) Канадæ.

**2. Æ рæстæги аци сахари артиллерион бригади æфсæддон адтæй Лев Толстой, номдзуд францусаг финсæг Александр Дюма ба си иуазæгуати адтæй Кавказбæл балци кæнгæй. Мадта Михаил Лермонтови уадзимистæй еуей хъæйтар Печорин ба уордæмæ рарвиста æ фæсдзæуини аллихузон персайнаг хъумæцтæ уордигæй æрласунмæ, кæцитæй гъавта æ уарзон Бэли зæрдæ балхæнунмæ. Циуавæр сахари кой цæуй?**

а) Тамань. б) Тифлис. в) Хъæзлар.

**3. Сахар Рио-де-Жанейрой 2016 анзи ци Олимпиаг гъæзтитæ рацудæнцæ, уони цæмæдесагдзийнæдтæй еу иссæй е, æма си фиццагидæр архайдта силгоймаг спортсмен хиджаби. Ибти-хадж Мухаммад хъæматæй еристæмæ рацæугæй, цæсгонгъæуайгæнæн сæрмагонд хизæгонд æркæнидæ хиджаббæл. Кæци бæсти национ еугонди минæвар адтæй?**

а) Америки Еугонд Штаттæ. б) Саудоваг Арави. в) Тунис.

**4. Советон гимнасттæй, хецæнæй еристи архайгæй, фиццаг олимпиаг чемпион ка иссæй?**

а) Борис Шахлин. б) Виктор Чукарин. в) Альберт Азарян.

**5. Еудадзуг æнхæст ке нæ фæффунæй кæнунцæ, уомæй ка тухсуй, етæ, хуарз ка фунæй кæнуй, уонæй цалдæр хатти ахиддæр уинунцæ фунтæ. Уотæ бангъæлæн ес æма фун æнæгъæнæ 'хсæви дæргъи фæууй. Æцæгæй ба уотæ нæй! Фун рахæссуй…**

а) Дæс минутти. б) Инсæй минутти. в) Дæс æма инсæй минутти.

**6. Акулæ хъæбæр ахид æ хеуæнттæбæл «фæкъкъæнц кæнуй дæндæгутæй». Уотемæй аразунцæ аци тогцъухтæ сæ медастæу рахастдзийнæдтæ. Мадта ку бамбурд унцæ еумæ, уæдта сæ «радзубандитæн» пайда кæнунцæ «амонæнти æвзагæй». Бæлвурддæрæй ба син сæ бауæри хæйттæй ци фæууй агъазгæнæг?**

а) Цæститæ. б) Думæг. в) Накæгæнæнтæ.

**Нур ба уин игъосун кæнæн раст дзуæппитæ нæ газети 28-аг номери мухургонд фарстатæн.**

**1.** Карз ниуæзтæ. **2.** Дефо. **3.** Еунæг хатт. **4.** Фурниуæзти фудæй. **5.** Думæг.

Дигорæ

**Республикон дзиллон æхсæнадон-политикон газет «Дигорæ».**
**Сæйраг редактор: САКЪИТИ Бариси фурт Эльбрус.**

**Газет исаразæг æма уадзæг:** РЦИ-Аланий мухури æма дзиллон коммуникацити гъуддæгути фæдбæл Комитет. 362003, РЦИ-Алани, г. Дзæуæгигъæу, Димитрови гъæунгæ, 2.

**Редакций адрес:** 362015 РЦИ-Алани, г. Дзæуæгигъæу, Къостай номбæл проспект, 11, 6-аг уæладзуг.
Тел.: 25-22-56 (факс), 55-08-16; 25-93-00.
**E-mail:** gazeta-digora@inbox.ru.
**Нæ газети сайт:** http://gazeta-digora.ru.

**Газет регистрацигонд æй бастдзийнади, хабархæссæг технологитæ æма дзиллон коммуникацити сфери Федералон служби Управлений РЦИ-Аланий. Рег. номер ПИ №ТУ15-00141, 2017 анзи 14 апърели. Газет мухургонд æрцудæй АБÆ «Рауагъдадæ «Хонсайраг регион»-и. 357600, г. Ессентуки, гъæунгæ Никольская, 5а.**

**Газет цæуй къуæре еу хатт – геуæргибони.**
Рафинсуни индекс: **73946.**
Тираж **650**. Заказ **№ 1816**.
Мухурмæ гъæуама финст æрцæуа – 17.00; 23.08.2024.
Мухурмæ финст æрцудæй – 17.00; 23.08.2024.

**Нæ газетæй ист æрмæгæй пайда кæнун æнгъезуй, нæ редакций аразийæй. Уæдта гъæуама бæрæггонд уа, нæ газетæй ист ке æй, е.**
**Финстæгутæ, къохфинститæ, хуæтæн рецензи нæ дæттæн, уæдта сæ автортæмæ дæр фæстæмæ не 'рвæтæн.**
**Газети ци æрмæгутæ рацæуа, уонæбæл бæрнондзийнадæ хæссунцæ сæ автортæ.**